

#### SS.7.C.4.1

*Diferansye konsèp ki ta konekte ak prensip peyi isit Ozetazini ak peyi etranje.*

---

**SS.7.C.4.1 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 4:** Elèv yo pral idantifye bi ak objektif prensip peyi lokal la ak peyi lòt bò dlo yo.

Etazini dwe gen objektif ki nesèsè pou plan prensip peyi lokal la ak peyi etranje yo.

**Prensip Peyi lokal** yo se yon seri de lwa oubyen aksyon yo ki afekte moun kap viv nan peyi Etazini. Prensip peyi lokal yo kouvri yon pakèt bagay, tankou edikasyon, ekonomi, taks, byennèt sosyal ak swen sante. Objektif prensipal prensip peyi lokal yo se pou yo ede ak proteje pèp la Ozetazini

**Prensip Peyi Etranje** a se yon plan nasyon an pou jere lòt nasyon yo. Lidè Etazini yo nòmalman gen plizyè objektif jeneral pou prensip peyi etranje. Objektif sa yo gen ladann:

- (1) sekirite nasyonal (kenbe Etazini an sekirite, espesyalman nan fontyè),
- (2) promote la pè (kreye relasyon **diplomatik** ak **alyans** ak lòt nasyon),
- (3) simayen demokrasi (pale ak lòt nasyon konsènan benefis gouvènman demokratik),
- (4) promote boukantay entènasyonal (achte ak vann machandiz ak lòt peyi yo) epi
- (5) bay èd etranje (militè, ekonomik, ak lòt tip de èd pou peyi a).

**alyans** - yon inyon ant peyi yo pou asistans ak pwoteksyon

**diplomasi** - travay pou kenbe bon relasyon ant gouvènman diferan lòt peyi yo

**prensip peyi etranje** - yon seri desizyon yon gouvènman konsènan plizyè jan de relasyon li genyen ak lòt peyi yo

**prensip peyi lokal** - yon seri desizyon yon gouvènman konsènan yon pwoblèm nan peyi a